

Dènnye Mizajou: 30 Jen 2021

Apèsi Lokatè pou Otorite Lojman Piblik / Lokal yo

Subsidized Housing Emergency Rental
Assistance (SHERA)



Apèsi SHERA

- Pwogram Subsidized Housing Emergency Rental Assistance (SHERA) la se yon pwogram asistans lojman dijans ki finanse pa gouvènman federal la pou lokatè nan lojman sibvansyone ki afekte pa COVID-19.
- Pwopriyetè lojman sibvansyone ki kalifye yo ka aplike pou asistans sou kont tout rezidan ki an aryè ak lwaye ki elijib selon revni yo.
- Apati 1e jiyè 2021, SHERA kapab bay asistans pou kouvri lwaye ki dwe ki peye pa lokatè a ant 1e avril 2020 ak 30 septanm 2021. Sa a rele peryòd ki elijib pou SHERA a.

DIREKTIV POLITIK KLE YO

1. ELIJIBILITE

- Kò kay la fè revni nan oswa pi ba pase 80% [Revni Mwayen pou Zòn nan \(Area Median Income \(AMI\)\)](#).
- Kò kay la te sibi difikilte finansye poutèt COVID-19.
- Mèt kay la founi prèv de non-peman lwaye.



2. UTILIZASYON FON KI ELIJIB

Itilizasyon fon ki elijib:

- Jiska 18 mwa lwaye ki peye pa lokatè a ki dwe nan jou oswa apre 1e avril 2020.
- Pa genyen limit sou konbyen dola pou chak kò kay.
- Li pral kouvri lwaye an aryè sèlman, se pa pou lòt depans ki enpoze pa LHA la tankou fre pakin, fre pou bèt domestik, oswa domaj.
- Li pa kouvri sèvis piblik ni depans pou demenaje.



3. SÈTIFIKASYON LOKATÈ

Sètifikasyon Lokatè ki siyen an ateste a:



- **Enpak COVID-19:** Lokatè a te gen difikilte finansye poutèt COVID-19.
- **Notifye Pwopriyetè a de kèlkeswa Asistans Double:** Lokatè a pral notifye LHA la si li resevwa lòt asistans ak lwaye pou menm lwaye ki peye pa SHERA epi fè tout efò pou remèt tout sou-peman yo.
- **Pèmasyon Lokatè a** Bay pwopriyetè a pèmasyon pou li aplike pou benefis sou kont lokatè a, epi pataje enfòmasyon ki nesèsè pou fè sa.

4. ETAP YO POU LOKATÈ A

1. Travay avèk LHA w pou asire kò kay w kalifye
1. Ranpli epi siyen sètifikasyon lokatè a pou:
 1. Sètifye difikilte kò kay w te dirèkteman oswa endirèkteman akòz COVID-19;
 2. Afime w pral notifye LHA w de tout lòt asistans ou resevwa pou menm lwaye ki peye pa SHERA epi travay pou rezoud tout sou-peman yo; epi
 3. Bay pwopriyetè a pèmasyon pou li aplike pou lwaye an aryè sou kont ou



5. NOTIFIKASYON POU LOKATÈ A

Fòk pwopriyetè yo bay lokatè k ap patisipe yo notifikasyon konsènan:



- Dokiman ki nesèsè pou aplike (oswa re-aplike)
- Konfimasyon soumasyon demann nan
- Demann pou plis dokiman
- Apwobasyon demann ak peman sou kont lokatè a
- DHCH pral founi refi demann yo

6. PRIYORIZASYON

Nou pral priyore finansman pou sa ki te an chomaj pandan 90 jou oswa plis ak sa ki genyen yon AMI pou kò kay la ki 50% oswa pi piti nan moman yo depeze demann nan.



Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA

FAQ

1. Poukisa mwen dwe patisipe nan SHERA?

Anba SHERA, LHA w pral ranpli anpil nan papye ki nesesè yo pou resevwa fon pou peye lwaye ki an aryè. Si nou apwouve demann ou epi w resevwa asistans SHERA, nou pral peye lwaye ou dwe pou peryòd ki elijib pou SHERA a. Epi tou ou pral genyen pwotèj kont degèpisman pou non-peman lwaye pandan 6 mwa apre w resevwa dènye peman benefis SHERA w.

2. Kisa mwen dwe fè si mwen te deja aplike pou yon lòt pwogram asistans lwaye dijans, tankou RAFT, atravè yon Regional Administering Agency (RAA) lokal?

Si w deja aplike pou RAFT oswa pou yon lòt tip asistans lwaye dijans, epi demann w annatant toujou, ou dwe kontinye ak demann sa epi **PA** ale pi devan ak SHERA. Si w te resevwa RAFT oswa yon lòt tip asistans lwaye dijans avan, epi w toujou genyen lwaye ki dwe pou peryòd ki elijib pou SHERA a ki poko peye, ou **TOUJOU ELIJIB** pou w patisipe nan SHERA.

3. Kilè mwen dwe konsidere ap aplike pou lòt pwogram asistans lwaye olye de oswa an plis de SHERA? Ki limit sou asistans ki aplike sou plis pase yon sèl pwogram asistans lwaye?

Si w dwe lajan SHERA pa kouvri, tankou lwaye depi avan 1e avril 2020, oswa depans pou demenaje oswa pou sèvis piblik, se pou w konsidere aplike pou lòt asistans lwaye dijans atravè Regional Administering Agency (RAA) lokal ou an. Pwogram asistans lwaye ki finanse pa gouvènman Eta a ak federal la pa ka peye pou menm depans yo, men yo kapab peye pou depans an aryè nan peryòd de tan diferan. Ale sou <https://www.mass.gov/applying-for-rental-assistance-in-massachusetts-to-avoid-eviction> pou enfòmasyon sou aplike pou lòt asistans.

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

4. Kisa sa vle di si LHA mwen aplike sou kont mwen?

Lè w siyen sètifikasyon lokatè a, w ap bay LHA w pèmasyon pou li aplike pou asistans lwaye dijans SHERA pou peye lwaye w ki an aryè pandan peryòd ki elijib pou SHERA a.

5. Kijan sa ede mwen si LHA mwen aplike pou SHERA?

Si LHA w aplike pou SHERA, ou p ap oblije aplike pou asistans lwaye nan yon lòt ajans. LHA a la ka depoze tout dokiman yo pou w pou li fè nou peye lwaye w ki an aryè a. Epi tou, depi yo patisipe nan SHERA, LHA a dakò pou yo travay avèk ou pou konsève lojman w epi yo pa ka mete w deyò kay la pou non-peman lwaye pandan omwens si mwa apre yo resevwa dènye peman lwaye a.

6. Kiyès ki ka ede mwen ak demann mwen an?

LHA w kapab ede w ranpli fòmilè yo epi detèmine ki metòd verifikasyon revni k ap pi fasil pou w.

7. Kilè mwen ka espere tande LHA mwen sou asistans SHERA ak sou demann mwen an?

Ou pral resevwa notifikasyon nan men LHA w lè :

- Dokiman nesèsè pou LHA a aplike sou kont ou
- Yo depoze demann w
- Plis dokiman nesèsè
- Nou te apwouve demann w / nou te fè peman sou kont ou an
- Nou te refize demann w, avèk rezon (yo) pou refi a (se DHCD ki pral founi bagay sa a)

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

8. Ki enfòmasyon mwen bezwen bay LHA mwen?

W ap oblije founi yon sètifikasyon lokatè ki siyen ak dokimantasyon ki pou sipòte revni w touche a pou pwouve si w satisfè egzijans yo sou elijibilite selon revni.

9. Kisa lokatè yo bezwen pou yo kapab sètifye revni yo?

Nou kapab sètifye revni kò kay w nan youn nan fason sa yo :

1. LHA w kapab sèvi ak sètifikasyon revni pi resan w pou konfime revni kò kay w nan oswa pi ba pase 80% revni mwayen pou zòn nan.
2. LHA w kapab chwazi tou pou li sèvi ak youn nan metòd sa yo pou verifye revni w :
 - Bay LHA w yon deklarasyon taks federal sou revni Fòmilè 1040 ki te depoze pou lan 2020 pou tèt kò kay la ak lòt adilt ki gen plis pase 18 an.
 - Founi dokiman pou verifikasyon revni ki ajou ke w ta nòmalman prezante nan kèlkeswa re-sètifikasyon nòm al.
 - Founi souchèk pou de mwa resan (youn nan chak mwa pou chak travay), chèk asirans chomaj, oswa lòt prèv revni nan moman w depoze demann w. Sèvi ak dokimantasyon sa yo, LHA w pral kalkile revni anyèl ou pou objektif SHERA.
 - Founi yon lèt benefis nan men yon twazyèm pati ki date janviye 2020 oswa pita ki konfime nenpòt nan benefis sa yo ke w resevwa: benefis DTA , benefis MassHealth, benefis Veterans Chapter 115, oswa gad timoun sibvansyone.
 - Si kò kay w pa touche okèn revni, nou pral mande w sètifye yon revni de zewo.

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

10. Kijan mwen ka sètifye mwen te sibi yon difikilte finansye akòz COVID-19?

Ou kapab sètifye ke w te sibi yon difikilte finansye akòz COVID-19 lè w ranpli epi siyen Sètifikasyon Lokatè a. Fòk LHA yo aksepte oto-sètifikasyon pou enpak COVID. Sètifikasyon sila a di tou :

- Ou pa te aplike pou ni resevwa benefis asistans lwaye dijans sòti okèn lòt sous piblik pandan menm peryòd de tan w ap mande fon SHERA pou li a.
- Ou pral notifye LHA w si w resevwa fon double.
- Ou bay LHA w pèmisyon pou li aplike pou SHERA sou kont ou epi pataje enfòmasyon ki nesèsè pou li fè sa.

11. Èske mwen bezwen yon nimewo sekirite sosyal pou mwen elijib pou SHERA?

Non, pwogram SHERA a pa genyen egzijans estati imigrasyon ladan li; nou kapab twouve kò kay elijib kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Si w genyen yon nimewo sekirite sosyal, fòk ou founi dènye kat chif yo. Nou mande dènye kat chif SSN nan sèlman pou nou verifye ke yo p ap trete asistans ou atravè lòt pwogram deja.

12. Èske mwen ka aplike pou sibvansyon lwaye (lwaye pwospektif), peman sèvis piblik, oswa depans pou demenaje?

Pa atravè SHERA.

Ou kapab kontakte yon Regional Administering Agency (RAA) pou detèmine elijibilite w pou asistans pou sibvansyon lwaye, peman sèvis piblik ak depans pou demenaje. Si lwaye w pa chanje selon chanjman nan revni w, ajans sa yo kapab detèmine elijibilite w pou jiska twa mwa sibvansyon. Si lwaye w chanje selon chanjman nan revni w (e.g., Section 8, MRVP), ou pa elijib pou okèn mwa lwaye nan fiti, sa enkli lwaye pou premye mwa a.

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

13. E si LHA mwen p ap aplike sou kont mwen paske LHA mwen pa panse mwen elijib?

Si LHA w pa kwè w elijib pou SHERA, yo pral ba w yon lèt ki eksplike pou ki rezon yo panse w pa elijib ak enfòmasyon sou lòt resous pou asistans lwaye dijans. Apre w resevwa lèt sa a, si w panse an fèt ou elijib, ou kapab fè bagay sa yo :

- Fòk ou depoze yon demann pou revizyon administratif alekri bay manadjè pwopriyete a nan LHA nan lespas 15 jou sou kalandriye depi w resevwa lèt la nan men LHA w. Yon revizyon administratif se yon demann pou yon lòt moun apa de moun ki te pran desizyon ke w pa elijib la revize sityasyon w.
- Yon fwa w fin depoze demann pou revizyon administratif ou an, yon nouvo moun pral revize tout dokimantasyon ou te depoze yo pou detèmine si w elijib pou SHERA epi yo pral ba w yon desizyon final nan lespas 15 jou sou kalandriye depi yo resevwa demann alekri w an.

Si apre revizyon administratif la yo detèmine ou elijib pou SHERA, LHA w pral aplike sou kont ou. LHA w pral di w lè yo depoze demann w epi yo pral kontinye ak pwosesis SHERA a sou kont ou.

Altènativman, si yo toujou konsidere w inelijib pou SHERA, LHA w pral ba w yon lòt lèt ki eksplike pou ki rezon yo te toujou twouve w inelijib, ankouraje w pou w avèti yo si sikonstans ou yo chanje epi w vin elijib pou SHERA nan fiti a, epi ba w yon lis lòt resous asistans lwaye ki disponib.

14. Kisa ki pase si yo apwouve demann mwen an?

Si nou apwouve demann w, LHA w pral notifiye de montan ak mwa yo te aplike peman yo sou kont ou pou yo.

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

15. Kisa ki pral pase si yo refize demann mwen?

Si Dept. of Housing and Community Development (DHCD) twouve w inelijib pou SHERA, DHCD a pral voye yon lèt bay ou menm ak LHA w a ki eksplike rezon pou refi a ak yon chans pou w fè apèl pou desizyon an nan lespas 15 jou ouvrab. Yo ka mande w founi plis dokimantasyon pou yo verifye elijibilite w. Epi tou ou pral resevwa enfòmasyon sou lòt pwogram asistans lwaye.

16. Kilè mwen ka espere yo fin peye lwaye mwen dwe an aryè a?

Li ka pral plizyè semèn pou nou apwouve oswa refize demann w. Si nou apwouve li, nou pral peye fon yo bay LHA w, ki oblije sèvi ak fon yo pou fin peye lwaye ou dwe an aryè a nan lespas 30 jou depi li resevwa peman an. Fòk LHA w voye yon resi pou peman sa.

17. Èske mwen toujou oblije peye kèlkeswa lwaye mwen dwe depi avan 1e avril 2020 apre mwen resevwa fon SHERA? Èske yo ka mete mwen deyò si mwen toujou dwe lwaye pou peryòd sa?

Wi, men gen opsyon ki disponib pou w ak yon peryòd de gras ki pou ede w. Si w te resevwa SHERA, sa pwoteje w kont degèpisman **pou non-peman lwaye** pandan **6 mwa** depi dat dènye peman SHERA ki te peye sou kont ou pa LHA w.

Sepandan, ou toujou oblije peye kèlkeswa lwaye ou dwe ki pa kouvri ak SHERA, epi ou kapab sibi degèpisman pou non-peman lwaye yon fwa peryòd 6 mwa a fini.

Nou ankouraje w travay avèk LHA w pou nou eksplòre solisyon tankou plan pou re-peman. Epi tou ou ka vle kontakte [Pwogram Medyasyon Lojman](#) ki finanse pa Leta a pou w mande sèvis gratis nan men yon medyatè pou ede w ak LHA w reflechi sou opsyon epi twouve solisyon fleksib ki pral mache pou tout moun.

Kesyon Moun Poze Souvan sou SHERA (Kont.)

FAQ

18. Si mwen pa te rapòte ògmantasyon revni mwen pandan peryòd ki elijib pou SHERA jan yo egzije sa, epi mwen rapòte ògmantasyon an kounye la èske SHERA ap toujou kouvri lwaye retwoaktif sa?

Wi. SHERA reprezante yon bon opòtinite pou w rapòte revni sa a epi fè nou kouvri lwaye retwoaktif ou pa te peye a. Si w genyen revni ou pa te rapòte pandan peryòd elijib la, nou ankouraje w mande yon detèminasyon pwovizwa kounye a. Otorite lojman w kapab depoze lwaye an aryè sa bay SHERA, epi sa ap elimine responsabilite sa pou kò kay w.

Enpòtan! Toulede rezidan lojman piblik eta kou federal yo oblije rapòte ògmantasyon nan revni mansyèl pou kò kay la ki depase sèten limit (10% pou lojman eta. Si w abite nan lojman piblik federal, tcheke kontra w pou politik PHA a). Si w pa te rapòte revni sa, epi yo twouve li nan moman detèminasyon lwaye anyèl, ou kapab dwe lwaye retwoaktif. Sepandan, depi w patisipe nan SHERA nou kapab pwoteje w kont degèpisman oswa tèminalasyon an konsekans revni ou pa te rapòte. Pou rezidan lojman piblik eta yo, te genyen benefis asirans chomaj amelyore nan revni pou detèminasyon pandan majorite nan peryòd elijib la.

Lis Kontwòl Dokiman pou SHERA

Si w dakò pou w pèmèt mèt kay w aplike pou asistans lwaye sou kont ou, LHA a ap oblije kolekte dokiman obligatwa yo.

DOKIMANTASYON OBLIGATWA

Dokimantasyon pou Revni

- Dokimantasyon ou te deja founi pou dènne re-sètifikasyon revni w (si sa a ase depann de egzijans yo pou pwogram nan)

OSWA

- Dokimantasyon pou revni anyèl :

- Yon Fòmilè IRS 1040 ki te depoze pou lan 2020**, youn ki kouvri chak manm kò kay la ki adilt ki gen omwens 18 an, si w depoze li separe

OSWA

- Dokimantasyon pou benefis:

- Yon lèt benefis** date janviye 2020 oswa pita ki konfime nenpòt nan benefis sa yo:

- Benefis DTA
- Benefis MassHealth
- Benefis Veterans Chapter 115
- Benefis gad timoun sibvansyone

OSWA

- Dokimantasyon revni mansyèl pou de mwa avan w demann nan

- De souchèk
- Lòt prèv de revni
- Chèk asirans chomaj oswa deklarasyon bank
- Lèt benefis Sekirite Sosyal

Sètifikasyon Lokatè ki Siyen

Atestasyon nan men tèt kò kay la ki sètifye difikilte finansye ki gen rapò ak COVID, ke w pa te resevwa okèn benefis double, ak pèmision pou pwopriyete a aplike pou SHERA sou kont yo.

- Dènne kay chif nimewo sekirite sosyal pou tèt kò kay la, si sa a aplikab (lokatè yo pa bezwen yon nimewo sekirite sosyal pou yo elijib).

Lòt Resous Lojman

- [Regional Administering Agency \(RAA\)](#): Lokatè ki bezwen èd pou yo peye sèvis piblik oswa demenaje swe aplike dirèkteman kote RAA lokal yo pou asistans.
- [COVID Eviction Legal Help Project \(CELHP\)](#): Bay rekòmandasyon, enfòmasyon legal, ak reprezantasyon legal pou degèpisman ki gen rapò ak COVID nan tout eta a.
- [Medyasyon Kominotè](#): Òganizasyon benevolan lokal ki ede mèt kay ak lokatè rezoud pwoblèm
- [HUD Fair Housing](#) – Sit entènèt HUD la ak resous sou dwa federal pou lojman san patipri.
- [Mass Fair Housing Law](#) – Sit Pwokirè Jeneral eta a ki bay yon apèsi sou lwa leta a sou lojman sa patipri.